


CHIKAMU 40 CHE-UPR

# ZIMBABWE


**KUSUNUNGUKA KUTAURA ZVAUNODA NERUSUNUNGUKO RWEPADANDEMUTANDE**

UPROAR

**MISHA INOBATA MASAISAI EHINDANETI**





**VANHU VARIPAMASAISAI EHINDANETI**





Mukoko: Internet Telecommunications Union, Reporters Without Borders

**VANOSHANDISA INDANETI PAVAGARI 100 VOGAVOGA**




**CHIYERO CHERUSUNUNGUKO RWEVENHAU**

Reporters Without Borders




**Zimbabwe inofanira kusiya mhirizhonga yepamasaisai yochengetedza mitemo nemaitiro anoenderana nekodzero dzevanhu munyika dzepasi rose.**

Bumbiro idzva remutemo weZimbabwe iro rakaparurwa mugore ra2013 rinopa vanhu kodzero dzekurarama hupenyu hwavo muchivande, kusununguka kutaridza manzwiro avo, kusununguka kuburitsa nhau muzvikuva zvakasiyanasiyana, kodzero yekukwanisa kuwana ruzivo nedzimwe kodzero dzakangodaro. Zvakapiwa izvi zvinosanganisirawo kuchengetedzwa kwekodzero idzodzi padandemutande zvakare. Zimbabwe inotarisirwawo kuchengetedza kudzero idzi sezvakatenderanwa muzvibvumirano nenyika dzakawanda zvakaita se*International Covenant on Civil and Political Rights* (ICCPR) nemutemo wakanyoreranwa pasi nenyika dzose dzemuAfrica maererano nekuchengetedzwa kwekodzero dzavanhu, *African Charter on Human and Peoples' Right*s.

Kunyangwepo bumbiro iri richivimbisa nekutaridza chido charo chekuchengetedza kodzero idzi, kodzero dzevanhu dzirikungoramba dzichingotyorwa zvose pamagariro avanhu nepadandemutande. Izvi zvinosanganisira kurwiswa kwavatapi venhau, kupfigwa kwemasaisai ehindaneti, kutevrerwa zvisina tsarukano nevasori, pamwe chete nekukwira kwemutengo wemabhanduru anoshandiswa kupinda pamasaisai izvo zvinokonzera kuti vanhu vazhinji vatadze kupindawo pahindaneti.

Nokudaro, tinokumbira kuti nyika dzitore matanho maringe nekuchengetedza kodzero dzavanhu dzekushandisa masaisai panodzokororwa UPR kechitatu.

## ZVINOKURUDZIRWA

- Regai kurwisa vatapi venhau nevanochemera shanduko mugogadzirisawo mitemo iripo nechekare inoona nezvekodzero yekusununguka kutaura maonero nemanzwiro emunhu kuti inangane nemitemo yenyika dzepasi rose.
- Regai tsika yekuisa mitemo yekudzimira vanhu masaisai nemabasa ose anoderedza huwandu hwevanhu vanoshandisa masaisai.
- Deredzai mitengo yemabhanduru anoshandiswa kuenda padandemutande pamwechete nekugadzira mitengo inoita kuti zvive nyore kupinda pamasaisai kuvanhu vanodzikisirwa vakaita sevanhukadzi nevana vechikoro.
- Simbisai kodzero yekuchengetedza zvakavanzika nekuisa nekusimbisa mutemo mutsva wekuchengetedza masaisai.

**MAPOKA AKABATIDZA**[1]

SMALL MEDIA
MISA ZIMBABWE CHAPTER
PARADIGM INITIATIVE
ZIMRIGHTS
APC
MEDIA ALLIANCE ZIMBABWE
ZLHR
ZCMIL

## Regai kurwisa vatapi venhau nevanochemera shanduko mugogadzirisawo mitemo iripo nechekare inoona nezvekodzero yekusununguka kutaura maonero nemanzwiro emunhu kuti inangane nemitemo yenyika dzepasi rose.

- Gadzirisai chikamu 31 ne33 che*Criminal Law Code*, 2007, chikamu 14 chemutemo wa2020 wezvehutano hwavanhu, icho chinoparura kudzivirirwa kwedenda reCovid-19, kuchengetedzwa nekurapwa kwavanhu uye kuvharirwa kwavanhu mudzimba dzavo nyika yose, Chikamu 13 ne14 chemutemo wemafambiro emapepanhau nazvose zvinofadza vanhu wakadzikwa muna1967.

Tichitarisa zvakabudiswa mugore ra2020, kunevatori venhau makumi mashanu navaviri vakarohwa, kushungurudzwa, kusungwa nekuvharirwa mutirong, kukwira kubva kuvatori venhau makumi maviri namasere vakange vashungurudzwa mugore ra2019.[1]

Mugore ra2020, mutapi wenhau uyo anoshanda akazvimiririra, Godfrey Mtimba, akasungwa nemhosva yekuzvidza mutungamiri wenyika maringe nechikamu33 che*Criminal Law Code*.[2]

Kubva muna2020 kusvika muna2021, mutapi wenhau anova zvakare munan'anidzi mukuru, Hopewell Chin'ono, akasungwa pasi pechikamu 31 che*Criminal Law Code* akamiswa pamberi pedare achipomerwa mhosva yekufambisa mashoko enhema, kukonzeresa mhirizhonga uye kukanganisa mabasa ekutongwa kwedzimhosva kuburikidza nekuburitsa mashoko padandemutande.[3]

## Regai tsika yekuisa mitemo yekudzimira vanhu masaisai nemabasa ose anoderedza huwandu hwevanhu vanoshandisa masaisai.

- Itai kuti kuganhurwa kose kunechekuita nekubata kwemasaisai, kuzviratidza padandemutande, makungano uye kudyidzana nevamwe kunofambirana nekuchengetedzwa kwekodzero dzevanhu mudunhu rino nepasi rose.

Nomusi wa6 Chikunguru 2016, apo paitekeshera dingindira re *#ThisFlagMovement,* iro raipikisaana nekushandiswa kwezviwanikwa zvemunyika zvisina mwero uyewo udzvanyiriri, hurumende yeZimbabwe yakambodzima masaisai echikuva chekukumbana pamasaisai chinoshandiswa neveruzhinji (*WhatsApp*).[4]

MunaNdira 2019, nyika yeZimbabwe yakasanganawo nedambudziko, kanova kechipiri kusangana nedambudziko iri rekudzimirwa masaisai ose zvichitevera kuratidzira kwavanhu maringe nekukwidzwa kwemutengo wamafuta edzimotokari nechikamu zana nemakumi mashanu kubva muzana (150%). Mushure mechinguvana, dare guru redzimhosva rakazopa mutongo wekuti kudzimwa kwemasaisai aya kwaiva kusiri pamutemo zvichitevera nyaya yakamhan'arwa neve*Media Institute of Southern Africa* namagweta anomiririra kodzero dzavanhu muZimbabwe.[7]

### INOMBOLO EZINGAPHANSI

1 Media Institute of Southern Africa (MISA), 'State of the media report: 2020' *https://data.misa.org/en/entity/dgfc1wcg8f.*

2 MISA Zimbabwe. 'Masvingo journalist charged with undermining authority of President' *https://zimbabwe.misa.org/29/06/2020/masvingo-journali st-charged-with-undermining-authority-of-president/.*

3 NEWS24, 'Hopewell Chin'ono arrested for third time in six months' *https://www.news24.com/news24/africa/news/hopewell- chinono-arrested-for-third-time-in-six-months-20210108.*

4 Collaboration on International ICT Policy for East and Southern Africa (CIPESA), 'Zimbabwe Becomes the Latest Country to Shut Down Social Media' *https://cipesa.org/07/2016/zimbabwe-becomes-the-latest-country-to-shut-down-social-media/.*

5 NetBlocks, 'Zimbabwe Internet shudtowns amid fuel price protest' *https://netblocks.org/reports/zimbabwe-internet-shutdowns-amid-fuel-price-protests-OxAGDdBz.*

6 MISA Zimbabwe, 'High Court sets aside internet shutdown directives' *https://zimbabwe.misa.org/21/01/2019/high-court-sets-asi de-internet-shut-down-directives/.*

7 Kubatana, 'The Internet shutdown: The High Court's ruling of 21st January – Court Watch 2019 / 1' *https://kubatana.net/31/01/2019/internet-shutdown-high-courts-ruling-21st-january-court-watch-2019-1/.*

## Deredzai mitengo yemabhanduru anoshandiswa kuenda padandemutande pamwechete nekugadzira mitengo inoita kuti zvive nyore kupinda pamasaisai kuvanhu vanodzikisirwa vakaita sevanhukadzi nevana vechikoro.

— Shandisai zvikamu 74 kusvika pa79 zve*Postal and Telecommunications Act* muchitevedzera zvinotaurwa ne*Universal Access Fund* pakupa mitengo yekuenda pamasaisai yakaderera kuzvikwata zvevanhu vanodzikisirwa.

Munyika mungori nezvikoro zvishomashoma zvinokwana zvikamu makumi matatu kubva muzana (30%) chete zvinobata masaisai.[8]

MunaKukadzi 2020, mitengo yemasaisai yakakwira nezvikamu makumi maviri nezvishanu kubva muzana (25%), ikazokwirazve nezvikamu makumi mana nezvisere kubva muzana (48%) munaChivabvu 2020.[9] Pakazosvika Gunyana 2020, kunyangwe kushandiswa nemasaisai kwaive kwawedzera nekuda kwedenda reCOVID-19, mitengo yekuenda pamasaisai yakakwidzwa zvekare kusvika pazvikamu zana nemakumi mapfumbamwe kubva muzana (190%).[10]

Mhirizhonga pakati pevanhurume nevanhukadzi pamasaisai pamwechete nekutyisidzirana nekutukana pamasaisai kurikuwedzera, izvo zviri kudzikisa kushandisa kwevanhukadzi masaisai. Kutyisidzirana nekutukana pamasaisai kunowanzoitirwa vanhukadzi vanemukurumbira pamasaisai[11] nevanoita zvematongerwo enyika.[12]

## Simbisai kodzero yekuchengetedza zvakavanzika nekuisa nekusimbisa mutemo mutsva wekuchengetedza masaisai.

— Tarisisai chikamu 5 chemutemo mutsva wezvekudzivirirwa kweruzivo *(Data Protection Act)* kuti mugadzire mutemo unoona nezvemasaisai wakazvimirira pawo wega panekuremedza we*Postal and Telecommunications Regulatory Authority of Zimbabwe* (POTRAZ) kuti uite rimwe basa rekuchengetedza masaisai pamusoro pebasa rawo.

Mugore ra2018, bato ririkutonga rakatumira tsambagetsi dzemunharembozha kumamiriyoni evagari vemuZimbabwe richivakurudzira kuti vavhotere vave mutungamiri wenyika, Emmerson Mnangagwa. Tsambagetsi idzi dzaitaura kunevaidzitambira nemazita avo ekuberekwa akakwana, nhamba dzavo dzavakapihwa pakunyoresa kuvhota nekwavanogara, izvo zvakashungurudza vazvinji nekuda kwekuti vaiona kuti ruzivo rwavo rwurimudura rezivo reSangano rinoona nezvesarudzo munyika *(Zimbabwe Electoral Commission)* rwunogona kungowanikwa nyorenyore kunaani zvake. Kwakaita kupomerwa kwevaridzi vemasaisai edzinharembozha vachinzi ndivo vakatendera kuti tsmabgetsi idzi dzitumirwe nenzira yaityora mutemo wekuchengetedza zvakavanzika zvevanhu nekuchengetedzeka kwemasaisai.[13]

MunaZvita 2020, Zimbabwe yakaiswa parudhende rwenyika dzinoshandisa kambani ye'Circles', inova kambani inonzi inoongorora zvisina kusimba mumasaisai edzinharembozha kuti iteerere hurukuro dzeparunhare, tsamba dzeparunhare pamwechete nekusora nzvimbo dzinenge dziine nharembozha pasi rose.[14]

Mugore ra2018, Zimbabwe yakatora chidanho chekutumira ruzivo pamwechete nemazita evanhu ku*Cloud Walk Technology* yekuChina kuti iigadzirire nzira dzekucherechedza zviso zvevanhu nemichina yechizvinozvino.[15]

### INOMBOLO EZINGAPHANSI

8 NewsDay, 'Lack of internet connectivity a?ecting govt e-learning programmes' *https://www.newsday.co.zw/06/2021/lack-of-internet-conn ectivity-a?ecting-govt-e-learning-programmes/.*

9 Freedom House, 'Freedom on the net: Zimbabwe' *https://freedomhouse.org/country/zimbabwe/freedom-net/2020#footnote4_t6hpy8i.*

10 Business Insider Africa, 'Internet, mobile call cost in Zimbabwe has gone up by almost 200% since September 1st2020' *https://africa.businessinsider.com/local/markets/internet- mobile-call-cost-in-zimbabwe-has-gone-up-by-almost-200-since-september-1st/5694mwq.*

11 The Standard, 'Cyber-bullying surges in Zim Lockdown' *https://www.thestandard.co.zw/19/04/2020/cyber-bullying-surges-zim-lockdown/.*

12 Zim Metro, 'Linda becomes victim of cyber bullying, abuse' *https://www.zimetro.co.zw/linda-becomes-victim-of-cyber- bullying-abuse/;* Spiked, 'Women in politics must challenge cyberbullying' *https://spiked.co.zw/women-in-politics-must-challenge-cy berbullying/.*

13 NewsDay, 'Zanu PF breaks into Zec database' *https://www.newsday.co.zw/07/2018/zanu-pf-breaks-into-z ec-database/.*

14 Citizen Lab, 'Running in Circles: Uncovering the clients of cyberespionage firm Circles' *https://citizenlab.ca/12/2020/running-in-circles-uncoverin g-the-clients-of-cyberespionage-firm-circles/.*

15 Biometric Update, 'Implementation of CloudWalk facial recognition technology in Zimbabwe progressing in stages' *https://www.biometricupdate.com/201805/implementation-of-cloudwalk-facial-recognition-technology-in-zimbabwe- progressing-in-stages.*

# UNIVERSAL PERIODIC REVIEW

**WWW.UPROAR.FYI**

UPROAR Inokotsverwa neveSmall Media, vachibatira pamwe nemasangano anoona nezvekodzero dzepamasaisai pasi rose.

Kuti muzive zvakawanda, tibatei pa:
info@uproar.fyi